



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 11 desanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$709.2 MILYON DOLA NAN RESOUS DEVLOPMAN EKONOMIK KI TE  
ATRIBYE NAN KAT SERI INISYATIV KONSÈY REJYONAL**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke \$709.2 milyon dola nan finansman delvopman ekonomik ak kominotè te atribye atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (REDC).

Yon poto-mitan estrateji Gouvènè a pou lanse ekonomi an ak kreye travay, yo te mete Konsèy Rejyonal yo anplas nan ane 2011 pou transfòme apwòch eta a nan devlopman ekonomik nan yon modèl vètikal nan yon apwòch ki baze sou ekonomi epi ki bay pèfòmans. Inisyativ sa a ap ranfòse kominote a, biznis yo ak dirijan akademik yo, ak manm piblik ki nan chak rejyon eta a, pou devlope plan estratejik ki deziyen sitou pou pwen fò ak resous inik chak rejyon pou yo kapab kreye travay, amelyore kalite lavi ak sipòte kwasans ekonomik lan.

“Katran de sa nou te deside pou pran yon diferan apwòch sou delvopman ekonomik – mete anfas sou koperasyon ak envesti nan byen lokal yo olye pou n kontinye avèk ansyen mantalite inefikas anwo-anba Eta,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Se sa Konsèy Rejyonal la ye, e jodia se prèv ke yap kontinye kondwi yon renesans ekonomik nan chak rejyon nan Eta. Chak konsèy te prezante lide entelijan nan fason pou kreye travay ak nouvo opòtinite nan kominote yo, e mwen fyè pou m travay avèk yo tout pou kontinye fè New York ale delavan.”

“Travay kap fèt nan chak rejyon nan Eta enpòtan anpil paske li depoze fondman ki pral kontinye kondwi ekomomi an – non sèlman jodia ak demen, men pou ane kap vini yo,” te deklare Gouvènè Adjwen Robert J. Duffy, Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal. “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te etabli Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo e mwen fyè paske mwen te travay avèk yo nan dènye katran ki sot pase yo. Mwen ankouraje tout moun pou kontinye bon travay la ansanm bò kote Gouvènè nou an, kidonk ansanm nou ka kontinye bati yon nouvo New York.”

Ko-lidè Sena Dean Skelos te deklare, “Envestisman yo ki te anonse jodia pral pèmèt biznis yo grandi ak kreye nouvo djòb nan sektè prive a kidonk jèn moun yo ka rete la epi pwofite karyè chwa yo. Pi bon espwa pou yon avni briyan pou chak rejyon nan gwo eta nou an kòmanse epi fini avèk kapasite pou ranfòse ekonomi nou an epi bay tout moun opòtinite pou reyisi.”

Ko-lidè Sena Jeff Klein te deklare, “Ekonomi nou toupatou nan New York yo osi divès ke rezidan nou yo, e byenke li enperatif ke nou pran yon apwòch konpreyansif atravè konsèy devlopman ekonomik rejyonal sa yo pou stimile kreyasyon travay ak soutni kwasans. Depi kreyasyon I nan ane 2011, Gouvènè a te delivre sou pwomès li pou refè imaj ekonomik nou an grasa pi gwo kolaborasyon ak patenarya piblik-prive. San poze kesyon, strateji sa a te rapòte anpil enterè, lanse nouvo pwojè devlopman epi remete moun yo nan travay. Mwen aplodi ganyan ansanm avèk benefisyè jodia yo e map rete tann pou m kontinye sipòte pwogram enpòtan sa a.”

Prezidan Asanble Sheldon Silver te deklare, “Pandan plizyè ane, nou te defann patenarya endistri/inivèsite ak devlopman ekonomik rejyonal e nou te travay avèk lidè lokal yo pou avanse pwojè nan Empire State soti nan CNSE isit la nan Tech Valley pou rive a Marcy Nanocenter koridò koneksyon nan Syracuse; Enstiti Syans ak klinik translasyonèl nan Rochester; ak Kanpis medikal nan Buffalo Niagara. Nan non Majorite asanble a, mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak pou angajman kontinyèl li a devlopman ekonomik rejyonal. Nap rete tann pou n kontinye patenarya sa a avèk Gouvènè a ansanm avèk kolèg nou yo nan sena a.”

Twa premye seri yo nan pwosesis atribisyon konsèy rejyonal la te bay plis pase \$2 milya dola a plis pase 2,200 kreyasyon travay ak pwojè devlopman kominotè nan eta, sipòte kreyasyon oswa retansyon plis pase 130,000 djòb.

Nan dat 28 avril 2014, Gouvènè Cuomo te lanse seri IV la e li te entwodui plizyè nouvo konpozan nan inisyativ la, enkli devlope strateji rejyonal Global NY, pwomote patisipasyon veteran yo nan mendèv la, ak sipòte plan pwojè rekonstriksyon kominotè. Nouvo aspè sa yo nan konsèy rejyonal la pral kenbe New York nan avangad ekonomi glòlab, ogmante opòtinite ekonomik pou ewo nou yo la lakay, epi asire ke kominote ki pi afekte akòz dènye tanpèt yo ap rebati ekonomi yo menm pi solid.

Pandan seri IV la, manm yo nan 10 Konsèy rejyonal te vwayaje nan Albany fè prezantasyon an pèsan nan pwopozisyon ekip Evalyasyon Enplemantasyon Stratejik. Pandan de jou, SIAT, sa ki konpoze de Komisyonè ajans Eta ak ekspè nan politik, te tande chak konsèy rejyonal yo dirèkteman, revize pwogrè ki te fèt sou pwojè yo ki te deja resevwa lajan eta, ak evalye plan enplemantasyon stratejik rejyon yo ak pwopozisyon pou finansman nan 2014.

Prezante 852 pwojè yo nan eta ki te resevwa \$709.2 milyon dola nan prim grasa katriyèm seri konpetisyon REDC ki souliye anba:

### **Mid-Hudson: Prim piwo pèfòmans | \$82.8 milyon dola pou sipòte 118 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$3.1 milyon a Gwoup Amizman Merlin pou LEGOLAND.** Pwojè sa a ta gen ladan devlopman yon sit nan Haverstraw pou yon nouvo tèm pak rezòt LEGOLAND, sa ki gen ladan yon tèm pak okòmansman, ki pral gen apre pa yon pak dlo ak otèl. LEGOLAND Parks fèt pou fanmi yo ki gen

timoun laj 2-12 ane e li gen yon konpozan edikasyonèl solid. LEGOLAND parks jeneralman stimile devlopman ekonomik nan zòn lan, sa ki gen ladan ogmante bezwen pou ebèjeman ak espas lavant andetay, ak stimile travay nan zòn sa a.

- **\$2.5 milyon a Jawonio Inc.** Founisè prensipal sèvis pou moun ki gen andikap ak moun ki gen bezwen spesyal nan anba Hudson Valley, Jawonio ap anbake sou yon gwo amelyorasyon, konsolidasyon, ak ekspansyon kanpis prensipal 16.8- karo tè li a nan New City, Konte Rockland. Pwojè \$24 milyon dola, katran sa pral gen ladan konstriksyon 97,000 pye kare espas modèn e li pral gen ladan yon envestisman enpòtan nan enfrastrikti IT ki pral pi byen pozisyon Jawonio pou ekspansyon planfiye divizyon sèvis travay li.

- **\$1.25 milyon a ekleraj USAI.** Yon lidè nan endistri de pwent nan manifakti fabrikasyon LED, ekleraj USAI te grandi de yon konpayi \$5.9 a \$35.6 milyon dola nan sèlman sèt ane. Pou kontinye tandans kwasans pozitif sa a, konpayi an planfiye pou l elaji etablisman l pou l gen ladan: nouvo teknoloji, tès; fòmasyon ak sant dakèy; espas biwo modènize; ekipman tès spesyalize pou ogmante rechèch ak kapasite devlopman; yon pwototip atelye izin; modènizasyon eksteryè; ak yon faktori èkonomik redesine ak pwodui pou teste zòn lan. Bilding lan pral jwen sètifikasyon LEED ak pwojè oto-efikasite optimal.

### **Long Island: Prim piwo pèfòmans | \$81.9 milyon dola pou sipòte 97 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$4.7 milyon pou Pwojè Elevasyon Estasyon Kondwi nan Wyandanch.** Pwojè sa a prevwa pou l ogmante opòtinite travay nan pi gwo kominote Wyandanch. Pwojè a pral gen ladan konstriksyon yon etablisman twa etaj, apeprè 95,000 pye kare bilding komèsyal kap lokalize imedyatman toupre chemendefè Long Island bilding estasyon Wyandanch.

- **\$2.5 milyon pou inovasyon laboratwa ak sant fòmasyon enfimye Inivèsite Adelphi.** Sant fòmasyon wo teknoloji sa a, ki lokalize nan bilding modèn Inivèsite Nexus, pral ekipe avèk aparèy aprantisaj dijital modèn, anviwonman altènatif a swen nan kay, ak evènman stimilatè sante ki asire ke enfimye Adelphi yo konsidere yo gen pi bon fòmasyon nan rejyon an e yo prepare pou travay nan premye jou a. Pwojè \$15 milyon dola sa a pral yon gwo atou edikasyonèl pou Adelphi, sa ki planfiye pou fè patenarya avèk founisè swen sante yo pou ofri edikasyon kontinyèl a mendèv yo pou asire ke enfimye rejyonal yo byen fòme pou satisfè nati swen sante a kap chanje.

- **\$1.5 milyon pou Sant Aprantisaj STEM Inivèsite Hofstra.** Pwojè sa a pral reponn a mank travayè kalifye STEM ak eka ki genyen ant konpetans anpil diplome kolèj Long Island e konpetans sa yo egzije pou travay nan STEM ak domèn dirabilite yo. Lè yo renove Hofstra's Gittleston Hall pou kreye yon "collaboratorium" ki gen ladan etablisman rechèch ak ansèyman avanse ke plizyè depatman pral pataje, pwojè a chèche pou kraze baryè fizik ak òganizasyonèl ki divize espas ak ekipman pa depatman, e okontrè li matche enfrastrikti nan ogmante pratik syantifik entè-disiplinè. Sa a pral pèmèt Hofstra pou pi byen prepare plis etidyan pou travay nan

STEM ak nan domèn dirabilite, pandan lap adrese ijans sante, bon jan kalite anviwonman, ak kesyon dirabilite Long Island ap fè fas.

### **Southern Tier: Prim piwo pèfòmans | \$80.8 milyon dola pou sipòte 91 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$2.9 milyon pou inisyativ Laj Bann Konte Delaware.** Pwojè sa a prezante yon kolaborasyon founisè telekomunikasyon inik, yon koperativ elektrik a bi non likratif, ak de ajans devlopman ekonomik nan yon patenarya pou elaji disponibilite laj bann a rezidan ak biznis ki pa desèvi yo ki lokalize nan rejyon riral konte Delaware nan Eta New York. MTC Cable, yon filyal nan konpayi telefòn Margaretville, pwopoze pou fè patenarya avèk DTC Cable, yon filyal nan konpayi telefòn Delhi, ansanm avèk koperativ elektrik konte Delaware pou ogmante 213 mètr enstalasyon fib-nan-kay (FTTH), anglobe plis pase 1,800 rezidan ki pa desèvi nan uit minisipalite.
- **\$2.25 milyon pou Watkins Glen International Racetrack.** Watkins Glen International pral antreprann yon pwojè twotwa racetrack ki nesèsè ak konplè pou adrese defisyan sekirite enpòtan, sa ki gen ladan pou retire ak ranplase pis ki egziste deja, kèk pati nan arebò/ekoulman, ak twou ki nan asfalt la.
- **\$2 milyon pou pwojè redevlopman lopital Corning.** Pwojè sa a gen ladan yon redevlopman a de faz nan sit lopital Corning nan vil Corning apre lopital la fin tabli nan vil Corning. Faz I pral gen ladan evalyasyon sit nesèsè, abatman, demolisyon, ak aktivite remedyasyon pou kreye yon sit ki “prè pou demare” atreyan pou pwochen redevlopman a plizyè itilizasyon.

### **Finger Lakes: Prim piwo pèfòmans | \$80.7 milyon dola pou sipòte 100 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$5 milyon pou High Tech Rochester, Inc. pou ede avèk Business Accelerator Cooperative.** Koperativ Akseleratè Biznis nan Finger Lakes pral ogmante konpayi ak kreyasyon travay nan fason enpòtan atravè antreprenarya ak inovasyon, epi etabli rejyon Finger Lakes kòm yon antrepriz ki rekonèt nasyonalman, inovasyon, ak lidè nan komèsyalizasyon. Pwojè a pral kreye yon sant resous antreprenè sou entènèt; etabli yon sistèm videyo konferans nan nivo rejyonal pou pi byen konekte antreprenè yo nan rejyon an avèk pwogram ki disponib ak sèvis; ak kreye yon akseleratè biznis “Sant” enstalasyon nan vil Rochester.
- **\$3 milyon pou redevlopman Sibley Tower.** Yon strateji renovasyon konplè pou 1.1 milyon pye kare magazen istorik nan anba lavil Rochester, pwojè sa a pral kreye 94 inite lojman pou revni fèb, 92 inite lojman ki nan pri mache a, a yon nouvo sant pou granmoun ki aje, 57,000 pye kare espas biwo klas A, yon espas lavant andetay 10,000 pye kare, 10 charyo andetay, yon mache kiltivatè iben ak 200 espas stasyonman anbatè.
- **\$1.5 milyon pou konstriksyon laboratwa MAGIC RIT.** RIT pral konstwi yon sant pou kondwi aktivite nan pwogram akademik RIT a vyabilite komèsyal nan domèn jwèt òdinatè, fim ak

animasyon, ilistrasyon, konsepsyon grafik ak syans imaj. Etablisman an pral pèmèt RIT relye ansanm pwogram akademik ak etablisman eksperyans wo teknoloji nesèsè pou devlopman teknoloji ak aktivite demaraj komèsyal vyab andeyò kanpis.

### **Santral New York: Prim piwo pèfòmans | \$80.2 milyon dola pou sipòte 85 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$3.6 milyon dola nan Otèl Syracuse.** Pwojè a pral transfòme epi re-ouvè otèl Syracuse ki te fèmen anvan kòm sant konvansyon konte Onondaga katye jeneral otèl la. Lè renovasyon an fini, pwopriyete a pral bay 261 chanm, twa sal prensipal pou bal, yon restoran, sal, sal dantre, ak zòn pa deyò, sa ki bay 261 djòb ki gen rapò a aktivite ekonomik. Li pral sipòte tou Sant Konvansyon an.
- **\$1.8 milyon pou pwojè Corners Dirab rekwasans entelijan Syracuse.** Pwojè a pral akselere revitalizasyon nan katye toupre Westside nan Syracuse. Jan li anvizyone nan LEED pou Plan Devlopman Katye, pwojè a pral aplike chanjman nan itilizasyon tè ki pral konvèti yon espas paking ki pa itilize, yon bilding vid, ak plizyè pasèl vid nan twa kwen nan yon entèseksyon an yon devlopman a plizyè itilizasyon.
- **\$750,000 nan Sant pou Art ak Kilti Inivèsite Colgate.** Pwojè ki pwopoze a se relokasyon de mize inivèsite Colgate an yon nouvo sant Art ak Kilti 25,880 pye kare anba lavil Hamilton ki te fèk konstwi, ranfòse sinèji ki genyen ant Inivèsite a ak kominote lokal la. Aktyèlman, Picker Galeri Da ak Longyear Mize Antropoloji yo lokalize sou kanpis la e yo fonksyone kòm antite separe ak distenk. Yo toulède okipe instalasyon ki te demode ki gen mwens ekspozisyon piblik, e ki pa gen aksè fasil tou. Pwojè a pral pote mize yo nan kè kominote Hamilton lan.

### **North Country: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$63.4 milyon dola pou sipòte 69 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$5 milyon nan Otorite Devlopman nan North Country.** Pwojè a pral etabli fon redevlopman North Country ki ta ede redevlopman transfòmasyonèl, reyabilitasyon, renovasyon, netwayaj, ak pwojè enfrastrikti nan rejyon North Country.
- **\$2 milyon pou pwojè modènizasyon Etablisman Agri-Mark.** Pwojè a pral gen ladan demolisyon ak konstriksyon yon nouvo etablisman ansanm avèk ranplasman tout gwo ekipman nesèsè ki egziste deja pou fè fwomaj. Nouvo etablisman an ki kouvri pa pwojè a pral pran anchaj 1.5 milyon liv lèt pa jou sa ki apeprè 20 pousan plis pase kapasite aktyèl la.
- **\$1.2 milyon pou Pwojè Revitalizasyon Art ak Ansèyman Entèaktif.** RAIL se yon kolaborasyon global, entè-rejyonal ki se premye lokal a plizyè itilizasyon pou bay eksperyans lavi/ansèyman /art ak opòtinite avanse a rezidan yo nan North Country. Benefis yo gen enpak sou tout domèn nan komès, edikasyon ak lavi. Pwojè ki santre sou solisyon, ankadre ozalantou de bilding istorik

renove nan Potsdam, enkli espas aprantisaj STEAM K-12, stidyo/ galeri da, yon sant aprantisaj vityèl, enkibatè biznis atis, bon jan kalite inite ak lojman pou etidyan ki diplome.

### **Vil New York: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$61.2 milyon dola ki sipòte 71 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$2.5 milyon pou pwojè redevlopman lig iben Nasyonal.** Urban League Empowerment Center, LLC pral redevlope sit la kòm yon devlopman a plizyè itilizasyon ki pral gen ladan espas biwo andetay, espas etablisman kominotè, espas sant konferans, 114 inite lojman rezidansyèl ak apeprè 225 espas paking. Lig Iben Nasyonal pral relokize katye jeneral li nan nouvo espas biwo ak devlope yon mize dwa sivil, yon sant antreprenarya ak konferans, epi etabli fon otonomizasyon iben pou sipòte antreprenè minorite yo.
- **\$6 milyon pou pwojè Ekspansyon Brasri Brooklyn.** Brasri Brooklyn lan prevwa pou l konstwi yon brasri modèn 400,000 ki etann a yon brasri yon milyon barik nan Staten Island. Pwojè \$70 milyon dola pral pèmèt brasri a kenbe yon trajektwa kwasans rapid, patikilyèman kòm yon ekspòtatè entènasyonal, e li gen yon kapasite pou devlope konpayi an antisipe kreyasyon omwen 140 nouvo djòb.
- **\$1.5 milyon pou redevlopman teyat Victoria.** Objektif prensipal pwojè a se pou redevlope sit la yon fason ki ranfòse kwasans ekonomik grasa revitalizasyon zòn nan tankou yon destinasyon art, amizman, kiltirèl ak komèsyal; e li adrese bezwen kontinyèl pou lojman a bon mache ak nan pri mache a. Pwojè a pral genyen yon konpozan restorasyon istorik anplis de yon nouvo bilding 26 etaj sa ki pral loje yon otèl, etablisman art kiltirèl, komès an detay ak paking.

### **Capital Region: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$60 milyon dola ki sipòte 93 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$1.5 milyon dola pou pwojè mache kiltivatè Troy.** Faz I an pral gen ladan konstriksyon yon etablisman a plizyè itilizasyon sou sit ansyen lamèri Troy, konbine avèk yon mache kiltivatè. Pwojè a anjeneral pral gen ladan yon etablisman 180,000 pye kare a plizyè itilizasyon nan anba lavil Troy ki gen ladan 100 inite lojman rezidansyèl, espas komès andetay 40,000 pye kare, ak 100 espas garaj anba tè ak yon plaza piblik.
- **\$1.2 milyon a Otorite Metroplex Schenectady pou transfòmasyon Blòk Robinson.** Pwojè sa a pral ogmante envestisman piblik ak prive pou plis pase \$18 milyon dola pou renove twa blòk vil la ki abandone nan anba lavil Schenectady, ki kolalize a yon distans a pye de kolèj kominotè konte Schenectady ak Union kolèj, distri biznis anba lavil, ak Amtrak ak kapital distri Otorite pwèn aksè transpòtasyon. Redevlopman pral gen ladan 105 apatman ak yon espas 9,900 pye kare komès andetay/restoran. Pwojè a pral pote pri lojman ki dezirab sou mache a pou jèn pwofesyonèl yo ki atire pa travay yo ki la lontan tankou General Electric, ak nouvo biznis tankou Transfinder ak Quirky.

- **\$1 milyon pou Finch Paper LLC.** Pwojè modènizasyon \$20 milyon dola konpayi Glens Falls mill la pral ranfòse pozisyon konpetitif li epi ede kenbe plis pase 600 djòb ki egziste deja lè yo redwi strikti pri anjeneral papye Finch san li pa afekte travay negativman. Zòn enpòtan pou modènizasyon an gen ladan operasyon pou transfòme bwa, izin pwodiksyon ak Machin Papye No.4.

### **Mohawk Valley: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$59.6 milyon dola ki sipòte 59 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$4 milyon pou espas ayeryen Nòdès UAS Entegrasyon Alyans Rechèch.** Pwojè a pral enstale siveyans ak rada nan seri tè Ayewopò Entènasyonal Griffis FAA deziyen ak nan zòn Lowville. Sa a pral pèmèt wo koleksyon done egzat ak avanse kapasite tè nan zòn esè Griffis. Pwojè a pral bay done swivi pou sekirite ak sansibilizasyon operatè UAS yo; epi bay sit tè FAA NY UAS potansyèl pou pran direksyon devlopman nan yon sistèm pou detekte ak evite operasyon sekirite UAS nan espas ayeryen nasyonal.
- **\$1 milyon pou Sant Marcy Nano.** Pwojè sa a kontinye devlopman yon sant Marcy Nano nan enstiti Polyteknik SUNY nan sipòte amelyorasyon ki planifye nan sit pwojè a. Faz sa a nan devlopman an sipòte plan pou yon itilizatè final pou sit pwojè a pou elaji investisman l nan konsòsyòm G450 nan devlope sit la pou sipòte akimilasyon konplè yon kanpis a twa-fabrikasyon ki kapab sipòte 8.25 milyon pye kare manifakti avanse ak etablisman ki gen rapò.
- **\$750,000 a Vil Utica pou amelyorasyon enfrastrikti pò marina.** Vil Utica pral avanse plan prensipal pò atravè konsepyon klwazon, enfrastrikti ak amelyorasyon sit la; konstriksyon amelyorasyon enfrastrikti; ak aplikasyon yon pwogram seleksyon devlopè.

### **Lwès New York: Benefisyè Sibvansyon Konsèy Rejyonal– \$58.6 milyon dola ki sipòte 69 pwojè**

Rezime pwojè ki resevwa finansman pou devlopman ekonomik nan Seri IV gen ladan:

- **\$1.5 milyon a sant nasyonal pou komedi** pou renovasyon de bilding ak konstriksyon yon nouvo strikti. Pwojè a pral pèmèt sant nasyonal komedi a atire plis pase 120,000 vizitè chak ane epi jenere plis pase \$26 milyon dola chak ane nan aktivite ekonomik lokal, provoke plis devlopman ekonomik ak ede amelyore anviwonman ekonomik nan rejyon an.
- **\$900,000 pou moun ini pou Lojman Dirab [People United for Sustainable Housing (PUSH) pou inisyativ kominote dirab Buffalo.** Pwojè Inisyativ kominote dirab pral akse sou òganizasyon kominotè, rekonèt nan nivo dirabilite nasyonal nan distri lwès Buffalo; antreprann pwojè enèji renouvlab sou twa sit sa yo; epi fè patenarya pou jenere 250 enstalasyon fotovoltayik solè pou kominote yo ki gen revni fèb ak modere nan lwès New York.
- **\$650,000 a Kanpis Medikal Buffalo Niagara pou enfrastrikti konstriksyon enpòtan.** Kanpis Medikal Buffalo Niagara pral elaji enfrastrikti esansyèl li nan konstwi de pasaj pou pyeton anlè

sòl la ki konekte nouvo Inivèsite nan Buffalo (UB) Lekòl medsin la syans bio-medikal; nouvo bilding Coventus biwo medikal; ak enstiti rechèch UB.

Wap wè yon lis konplè prim REDC 2014 disponib nan [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov).

Anplis, yo te atribye finansman a senk rejyon nan eta New York pou lanse pwogram inovasyon Hot Spot. Yon nouvo fasèt nan inisyativ REDC Gouvènè Cuomo te entwodui ane pase pa, Konpetisyon Inovasyon Hot Spots deziyen pou fè eta New York yon lidè nan nouvo konpayi komèsyal teknoloji kap grandi nan kapital ak depans rechèch endistri a patwone. Hot Spots la pral favorize inovasyon lè yo ofri sèvis demaraj sipò biznis valab pou ede komèsyalize rechèch akademik ak pwomote plis kolaborasyon ant biznis ak inivèsite.

Mohawk Valley, Capital Region, Mid-Hudson, Vil New York ak rejyon Long Island yo chak te deziyen nan dezyèm seri pwogram inovasyon Hot Spots la. Senk gayan Hot Spots yo pral resevwa jiska \$250,000 chak ane nan sipò finansye eta pou elaji asistans dirèk yo a jèn antrepriz yo, sa ki gen ladan sèvis sipò legal, teknik ak biznis.

Benefisyè Hot Spots Inovasyon 2014 yo se:

**Fondasyon Kolèj Kominotè Mohawk Valley**– Pou inovasyon Hot Spot Mohawk Valley, ENkibatè th la, yon pwojè kolèj kominotè Mohawk Valley, pral ofri yon enkibatè inik pou antreprenè yo pwize nan kreyativite tout segman yo nan popilasyon rejyonal la. ENkibatè th la travay avèk yon laj varyete patnè kowalisyon, avèk sipò ki soti nan fondasyon kominotè, enstiti devlopman mendèv la ak MVCC – ansanm avèk patenarya nan kalite kolèj lokal yo ak konsèy espesyalis ak sipò similè, pwojè ki pi etabli nan Syracuse.

**Fondasyon Rechèch SUNY Albany**– Pou Inovasyon Hot Sport Capital Region, pwogram i518 a pral bay sipò antreprenarya ak fòmasyon nan pwen prezans nan anba lavil Albany, Troy ak Schenectady. Sa a pral favorize kwasans nouvo travay nan zòn sa yo ki aksesib a transpòtasyon piblik a moun ki defavorize yo ki gen revni yo. Atravè pwogram SEED nan inivèsite Albany, gid biznis ak konsèy yo bay a antreprenè ki gen revni fèb yo. Anplis, yo pral bay fòmasyon antreprenè i518 a konpayi SEED yo nan IT- ki pèmèt sèvis entènèt, oswa lòt inovasyon ki baze sou biznis.

**Enkibatè Bio-teknoloji nan Kolèj Medikal New York (BioInc@NYMC)** – Pou inovasyon Hot Spot Mid-Hudson lan, kolèj medikal New York te fè patenarya avèk lòt antite yo nan rejyon an pou bay yon varyete sèvis atravè patnè li yo, men li pral santre sou divès bezwen nan bio-teknoloji kap grandi rapidman ak endistri syans lavi nan rejyon Mid-Hudson.

**Sant pou Inovasyon ak Antreprenarya CUNY**– Pou inovasyon Hot Spot vil New York, CUNY pral itilize rechèch enstitisyonèl li pou ofri seri sèvis ak byen ki pi divèsifye a antreprenè metro zòn nan.



**Long Island High Technology Incubator Inc.** – Pou Inovasyon Hot Spot Long Island, enkitabè Long Island ap vini ansanm pou kreye yon rezo inovasyon rejyonal kolaboratif ki anbrase enstitisyon rechèch nivo mondyal rejyon an, òganizasyon biznis teknoloji, resous envestisman, teknoloji biznis ki oryante sou kolèj ak inivèsite ak founisè sèvis biznis yo. Objektif Hot Spot la se pou elaji avanti antreprenarya reyisi, kenbe demaraj nan Long Island ak inifye devlopman rejyon an, men dispèse efò yo ki vize pou favorize yon anviwonman antreprenarya oto-enèjik ak dirab nan nivo tout rejyon an.

### **Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo**

Insyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (REDC) se yon eleman enpòtan nan apwòch transfòmasyon Gouvènè Andrew M. Cuomo nan envestisman ak devlopman ekonomik Eta. Nan ane 2011, Gouvènè Cuomo te kreye 10 Konsèy Rejyonal pou devlope plan estratejik alontèm pou kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk espè lokal ak moun ki konsènen ki nan biznis, akademi, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa nan gouvènman. Konsèy Rejyonal yo te re-defini fason New York envesti nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch ki baze sou kominote, apwòch soti anba pou monte ak kreye yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Apre twa wonn nan pwosesis REDC a, yo te bay plis pase \$2 bilyon pou kreye plis pase 2,200 djòb e pwojè devlopman kominote ki konsistan ak plan estratejik chak rejyon, ki gen kòm rezilta kreyasyon oswa konsèvasyon plis pase 130,000 djòb toupatou nan eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal (Regional Councils) yo, ale sou sitwèb [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride